



Pwoteje Ou De Grip Avyè: Enfòmasyon pou Sant Timoun Piti ak moun k'ap bay swen

Grip avyè, ke yo rele tou Grip Avian, H5N1, oswa HPAI, se yon enfeksyon viral ki sitou afekte zwazo yo, men yo ka gaye bay moun ak lòt bêt.



Yon epidemi grip avyè ap touye zwazo sovaj, espesyalman zwazo ak kanna ak bêt volay tankou poul ak kodenn. Grip avyè gaye tou byen vit nan bèf ki bay lèt chak jou epi yo ka afekte lòt bêt yo.

Grip avyè pwopaje lè:

- Zwazo ki enfekte jete viris la nan krache yo, glè, ak poupou.
- Lè bêt ak moun rantre an kontak ak zwazo ki malad, mourir, oswa ki blese epi likid yo.

Yo te idantifye H5N1 nan lèt kri ak kèk manje kri pou bêt kay.



Di founisè swen sante w' la si pitit ou a gen sentòm epi li te an kontak ak zwazo sovaj oswa lòt bêt, oswa te konsome lèt kri oswa fwomaj kri epi li gen sentòm yo.

Rete an sekirite

Si posib, evite vizite fèm bêt volay, mache zwazo, oswa lòt kote yo leve bêt volay vivan, gade yo, oswa vann yo. Epitou ranvwaye vizit nan pak zolojik kote ou ka manyen bêt yo.

Zwazo ka pote H5N1 menm si yo pa sanble malad.

Rete enfòme

Sa se yon epidemi ki fèk ap kòmanse. Li enpòtan pou rete enfòme sou dènye nouvèl ak chanjman yo.

Pou aprann plis, vizite: bit.ly/BirdFlu2025.

Sentòm H5N1

- Konjonktivit oswa je wouj
- Lafyèv (plis pase 98.6 °F)
- Tous
- Difikilte pou respire
- Doulè pwatrin
- Doulè nan misk oswa fatig
- Nen k'ap koule oswa ki bouche
- Gòj fè mal



Kijan sant timoun piti yo ak moun k'ap bay swen yo ka anpeche pwopagasyon H5N1 lan?

- Anseye timoun yo pou yo pa manyen zwazo sovaj, boul, oubyen lòt bèt sitou nan kote tankou pak zolojik koute moun ka manyen bèt yo, fèm, fwa, oubyen evènman lekòl. **Zwazo sovaj yo ka pote virus H5N1 lan menm si yo pa sanble malad.**

- Fè timoun ak moun k'ap bay swen yo sonje pou evite manje ak bwè, bay timoun manje, manje zong yo, oswa manyen figi yo nan zòn kote bèt yo ye.

- Asire ou ke nenpòt moun ki manyen bèt lave men yo avèk savon ak dlo imedyatman.

- PINGA **ou** bwè lèt kri oswa ki pa pasterize, manje fwomaj kri, oswa mante pwodwi ki fèt ak lèt kri.
 - Kwit bèt volay, ze, ak vyann bèf byen.


Rapòte zwazo ak bèt malad oswa
mouri bay Komisyon Jwèt
Pennsylvania (833-PGC-Hunt), Biwo
PA Nan Sante Bèt ak sèvis Dyagnostik
(717-772-2852)

Chèche atansyon medikal si pitit
ou gen sentòm grip ki sanble ak je
wouch epi li te an kontak ak bèt.